



INDIGENOUS LANGUAGE: SHONA

SHONA BEGINNERS DETAILED TEACHING PLAN

ZVINANGWA

- Pakupera kwechikamu che Beginners munhu anofanira kuva ava neruzivo uye kunzwisisa pamusoro penyika yake yechizvarwa.
- Kukwanisa kuverenga manzwi madiki, kuziva pekuashandisa, uye kukwanisa kuita nhaurirano muChishona chakanaka.

VHIKI	MUSORO	ZVINANGWA	MAITIRWO / ZVIITWA	UMHIZHA	ZVOMBO
1	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura • Kuteerera • Musoro: Nhorondo dzeChiShona Unonzi ani? • Unobvepi? 	Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: <ul style="list-style-type: none"> • Tsanangura kuti ndivanaani, kuti unzi uri muShona ndezvipi (qualities)zvaunofanira kuva uri/ nazvo • (General geography of where they come from is introduced) 	<ul style="list-style-type: none"> • Assumed knowledge: vadzidzi vanoziwa kwavakabva. • Mudzidzisi anotsanangurira vadzidzi pamusoro pekuti ndiwe ani/ndini ani vadzidzi vachiteerera. Nhaurirano pakati pemudzidzisi nevadzidzi vadzidzi pamusoro pemunhu vanotaurirana mumapoka • Provinces and cities where shona is spoken is introduced too 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura • Kuteerera 	<ul style="list-style-type: none"> • Mifananidzo • Yenzvimbo dzavanobva • (roots)
	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura • Kuteerera • Nhorondo dzeChiShona, tsika nemagariro 	Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: <ul style="list-style-type: none"> • Tsanangura pamusoro penhorondo uyezve tsika nemagariro muchishona 	<ul style="list-style-type: none"> • Tsananguro kubva kumudzidzisi vadzidzi vachiteerera • Nhaurirano pakati pemudzidzisi nevadzidzi • Mabasa mumapoka pamusoro pezvinozikanwa nevadzidzi • Vadzidzi vanopakura zvavashanda Mudzidzisi anobvunza mibvunzo vadzidzi vachipindura 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura • Kuteerera 	<ul style="list-style-type: none"> • Mifananidzo yeindaneti
2	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga • Mavara, nzvovera nemazwi • Musoro nzvovera nzvanyira arufabheti 	<ul style="list-style-type: none"> • Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona kutinidza mitinhimira yenzvovera a e i o u, uyezve kuumba mavara ani, ini, amai etc. 	<ul style="list-style-type: none"> • Vadzidzi vanoziwa mavara earufabheti • Mudzidzisi anotsanangura pamsoro nenzvovera vadzidzi vachiteerera • Mudzidzisi anotinidza mitinhimira yenzvovera vadzidzi vachiteedzera • Mudzidzi umwe naumwe anotinidza mitinhimira kusvika anzwisisa • Basa mumapoka • Kuumba mavara madiki vachishandisa nzvovera; ani ini iwe kunyora basa 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga • Kunyora 	<ul style="list-style-type: none"> • Chati remavara

VHIKI	MUSORO	ZVINANGWA	MAITIRWO / ZVIITWA	UMHIZHA	ZVOMBO
2	<ul style="list-style-type: none"> Musoro Mitinhimira yemavara earufabheti Kuumba mavara - ma me mi mo mu 	Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: <ul style="list-style-type: none"> Tinhidza mitinhimira yearufabheti Kuumba mavara 	<ul style="list-style-type: none"> Mudzidzisi anotinhidza mavara earufabheti, vadzidzi vanoteerera Vadzidzi vanotinhidzawo Kubatsirana kuumba mavara vachishandisa mavara earufabheti nenzovera baba amai tete isu kunyora basa 	<ul style="list-style-type: none"> Kunyora kutinhidza 	<ul style="list-style-type: none"> Makadhi ebasa ane mavara earufabheti
3	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura Musoro: ini ,mhuri yangu Kutaura pamusoro pako(myself) 	Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: <ul style="list-style-type: none"> Taura pamusoro pavo 	<ul style="list-style-type: none"> Mudzidzisi anotsanangura pamusoro pake achitaura nechirungu ozoisa muChiShona (translation) kuti vadzidzi vanzwisise zvinoreva izwi neizwi Mudzidzisi nevadzidzi vanatora nguva yavo vachiita nhaurirano kuti vadzidzi vabate Mudzidzi umwe neumwe anotaura pamusoro pake. 		
	<ul style="list-style-type: none"> Mhuri yangu 	Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: <ul style="list-style-type: none"> Taura pamusoro pemhuri dzavo 	<ul style="list-style-type: none"> Tsananguro muchirungu zvichiiswa kuchishona Nhaurirano pakati pemudzidzisi nevadzidzi vadzidzi Basa rinonyorwa 	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura Kunyora 	<ul style="list-style-type: none"> Makadhi ebasa Mifananidzo
4	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura Kuteerera Kwaziso nenguva dzezuva Musoro: mazita anopihwa nguva dzakasiyana siyana dzezuva Kwaziso zvichienderana nenguva dzezuva 	Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: <ul style="list-style-type: none"> Taura mazita anopihwa nguva dzakasiyana siyana dzezuva nechishona chakanaka 	<ul style="list-style-type: none"> Mudzidzisi anotaura pamusoro penguva dzezuva muchirungu achizochinja kuisa muchishona vadzidzi vachiteerera Morning - mangwanani/ kuseni Nhaurirano Mibvunzo 	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura Kuteerera 	
	<ul style="list-style-type: none"> Kwaziso zvichienderana nenguva dzakasiyana siyana dzezuva 	Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: <ul style="list-style-type: none"> Kwazisana muchishona chakanaka 	<ul style="list-style-type: none"> Recap Tsananguro kubvisa mazwi echirungu kuisa kuchishona Vadzidzi nemudzidzisi vanoedzesera kukwazisana muchishona vadzidzi vanokwazisana Mibvunzo nemhinduro 	<ul style="list-style-type: none"> Kukwazisana Kutaura 	<ul style="list-style-type: none"> Mifananidzo
5	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura Nhengo dzemuviri Musoro: mazita enhengo dzemuviri 	Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: <ul style="list-style-type: none"> Doma mazita enhengo dzemuviri dzapihwa nechishona chakanaka 	<ul style="list-style-type: none"> Vadzidzi vanoza nhengo dzemiiri yavo Mudzidzisi anoisa chati remunhu vadzidzi vachidoma Mudzidzisi anotsanangurira vadzidzi achiisa muchishona Head - musoro, Nose -mhino zvichenda zvakadaro.... Vadzidzi vanoita basa 	<ul style="list-style-type: none"> Kudoma Kutaura 	<ul style="list-style-type: none"> Chati rine mufananidzo wemunhu Nziyo
	<ul style="list-style-type: none"> Mazita enhengo dzemuviri nezvaanoshanda 	<ul style="list-style-type: none"> Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona kuziva kuti maoko anoita basa rey nedzimwe nhengo dzapihwa muchishona 	<ul style="list-style-type: none"> Tsananguro kubva kumudzidzisi kubva kuchirungu kuenda kushona Nhaurirano Basa mumapoka Zvipakurwa Mibvunzo nemhinduro 	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura 	<ul style="list-style-type: none"> Mifananidzo

VHIKI	MUSORO	ZVINANGWA	MAITIRWO / ZVIITWA	UMHIZHA	ZVOMBO
6	<ul style="list-style-type: none"> Objects in the environment Including nature; makomo, nzizi etc. 	<ul style="list-style-type: none"> Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona kutsanangura nechishona pamusoro pezvakavakomberedza kudzimba dzavo 	<ul style="list-style-type: none"> Vadzidzi vanogona kuumba mazwi Mudzidzisi anotsanangura pamusoro pezvakatikomberedza achiisa muchishona kuti vadzidzi vabate Nhaurirano Basa mumapoka Kunyora 		<ul style="list-style-type: none"> Mifananidzo
	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura zvakatikomberedza kuchikoro (Introduction of the national flag) 	<ul style="list-style-type: none"> Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: Taura muchishona zvavakomberedza kuchikoro kusanganisira mureza wenyika 	<ul style="list-style-type: none"> Tsananguro kubva kumudzidzisi Vadzidzi vanoita Nhaurirano nemudzidzisi Mibvunzo nemhinduro Kunyora basa 	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura Kunyora 	<ul style="list-style-type: none"> Mifananidzo
7	<ul style="list-style-type: none"> Requests Kutaura Kunyora Musoro: zvikumbiro 	<ul style="list-style-type: none"> Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: Ratidzira tsika dzingaitwa pakukumbira zvinhu..Kupfugama, kuombera, Expressions: ndinokumbirawo... unokwanisawo ku.... 	<ul style="list-style-type: none"> Tsananguro kubva kumudzidzisi achitaura achiisa shona kuti vadzidzi vabate Vadzidzi vanoteerera nekuita basa mumapoka Mibvunzo nemhinduro Kunyora basa 	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura Kunyora 	<ul style="list-style-type: none"> Makadhi ebaso mifananidzo
	<ul style="list-style-type: none"> Kuedzesera kupfugama, kuombera, kutyora muzura 	<ul style="list-style-type: none"> Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: Kuombera vachikwazisana nevakuru 	<ul style="list-style-type: none"> Recap Tsananguro kubva kumudzidzisi Vadzidzi vanoedzesera kumhoresana vakapfugama, kutyora muzura nekuombera Zvese vanoziita vachitaura chishona 		
8	<ul style="list-style-type: none"> Counting Kuverenga Kudzidzira kuverenga Musoro: kuverenga zvinhu zvakasiyana siya 	<ul style="list-style-type: none"> Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona kuverenga zvinhu zvakasiyana (numbers) 	<ul style="list-style-type: none"> Mudzidzisi anosimudza makadhi ebaso oti vadzidzi vaverenge, e.g. poshi piri etc. Kutaura makore avo kuti vangani munhuri 	<ul style="list-style-type: none"> Kuverenga 	<ul style="list-style-type: none"> Makadhi ebaso
	<ul style="list-style-type: none"> Plurals – branching from counting Mazwi muuzhinji 	<ul style="list-style-type: none"> Panopera chidzidzo vadzidzi vanofanira kugona kuisa mazwi muuzhinji Eg. imba dzimba 	<ul style="list-style-type: none"> Kuratidza mifananidzo yakasiyana ine zvinhu zvine uwandu hwakasiyana 	<ul style="list-style-type: none"> Kunyora 	
9 Picture Reading	<ul style="list-style-type: none"> Kuverenga Kudzidzira kuverenga Musoro: kuverenga mifananidzo 	<ul style="list-style-type: none"> Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: Kutaura zvavari kuona pamifananidzo yapihwa muchishona 	<ul style="list-style-type: none"> Mudzidzisi anotsanangura basa riri kuda kuitwa vadzidzi vanoteerera Mudzidzisi anoisa mifananidzo kana chati rine mifananidzo vadzidzi votaura zvavari kuona vachibatsirwa nemudzidzisi Mibvunzo nemhinduro 	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura Kuverenga 	<ul style="list-style-type: none"> Mifananidzo chati rine mifananidzo
	<ul style="list-style-type: none"> Kunyora Kuverenga nekunyora zviri pamifananidzo 	<ul style="list-style-type: none"> Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: Kunyora zvavari kuona pamifananidzo muchishona ie muti, amai 	<ul style="list-style-type: none"> Mudzidzisi anoratidzira mifananidzo vadzidzi vachitaura zvavari kuona basa mumapoka kunyora zvavari kuona pamifananidzo muchishona Mibvunzo nemhinduro 	<ul style="list-style-type: none"> Kuverenga Kunyora 	<ul style="list-style-type: none"> Mifananidzo

VHIKI	MUSORO	ZVINANGWA	MAITIRWO / ZVIITWA	UMHIZHA	ZVOMBO
10 Virtual Tour	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura Kuteerera Virtual tour(kushanyira nzvimbo dzinoyevedza dzemuZimbabwe paidaneti) 	Panopera chidzidzo vadzidzi vanenge vogona ku: <ul style="list-style-type: none"> Kutaura zvinowanikwa kunzvimbo dzakapihwa, Mutarazi falls neVumba mountains 	<ul style="list-style-type: none"> Mudzidzisi anotaurira vadzidzi pamusoro pekuziva nzvimbo dzinoyevedza dzemunyika medu uyezve chadzakakoshera Mudzidzisi nevadzidzi vanoona mifananidzo vachiita nhaurirano 	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura Kuteerera Kudoma 	<ul style="list-style-type: none"> Mifananidzo paidaneti nemavhidhiyo
	<ul style="list-style-type: none"> Kuita nhaurirano pamusoro penzvimbo dzavarikuona 	<ul style="list-style-type: none"> Panopera chidzidzo vanofanira kunga vave neruzivo rweguta diki reMutare nezvakarikomberedza 	<ul style="list-style-type: none"> Kukurukura pamusoro penzvimbo nezvavadadisa pane zvavaona 	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura nekuteerera 	<ul style="list-style-type: none"> Mavhidhiyo